ларының үлкен имканиятлары өз гезегинде дөретпе жаратыўшылар ушын авторлық ҳуқықын қорғаў машқалаларын жүзеге келтирди. Усы мүнәсибет пенен электрон ресурларын қәлиплестириўши мәлимлеме - китапхана мәкемелери ҳәм басқа шөлкемлер усы ресурслардың авторлық ҳуқықлары қорғалғанлығын, олардан пайдаланыў ҳуқықына қаншелли ийе екенликлери, республикамызда усы мәселеге қаратылған ҳүкимет қарарлары ҳәм нызамлардың бар екенлигине итибар қаратыўлары зәрүр. Бунда үлкен жуўапкершилик қымбатлы электрон фондларға ийе болған ҳәм жаңадан жаратып атырған мәлимлеме-китапхана мәкемелери жуўапкершилигине түседи. Баспалардың ҳуқықый ийелери ҳәм авторлар менен дүзилетуғын шәртнамалардың нызамшылық тийкарында дүзилетуғын шәртнамалар формасы ислеп шығылған болып, бул келешекте авторлық ҳуқықларын бузбаған ҳалда юридикалық ҳүжжетлерди қәлиплестириўге тийкар етип алынады. Шәртнамалар универсал характерге ийе болса да, бунда мәлимлеме китапхана мәкемелери менен авторлар ортасында дүзилетуғын келисимлер толық көрсетилген. Авторлар тәрепинен Өзбекстан Республикасы нызамшылығы ҳәм халықаралық тәжирийбелер тийкарында қәлиплестирилген шәртнамалардың стандарт формалары берилген. Шәртнамада автор талаплары, анық жағдайлар тийкарында өзгертилиўи, толтырылыўы мүмкин.

**Әдебиятлар**

1. Муаллифлик ва турдош ҳуқуқлар тўғрисида: Ўзбекистон Республикасининг Қонуни: ЎРҚ - 42. 2006-й. 20-июль // Халқ сўзи. – 2006-й, 21-июль.

2. Рахматуллаев М.А., Ганиева Б.И. Жаҳон ахборот ресурслари: дарслик. – Т.: Алоқачи, 2019. – 188 б.

3. Рахматуллаев М.А. Проблемы и решения организации открытого доступа к информационным ресурсам: Сборник.– Т.: Изд. Национальной библиотеки Узбекистана, 2011. – С.7-14.

4. Aytimova, D. From the history of the formation and develorment of the first libraries in Karakalpakstan. Scientific Journal of the Fergana State University, 28(5), https://doi.org/10.56292/SJFSU/vol28_iss5/a49-53

**РЕЗЮМЕ.** Электрон фондларга эга бўлган ахборот-кутубхона муассасалари маъсулияти, уларнинг шу борада қонунларга риоя этиш масалалари ҳақида сўз юритилган.

**РЕЗЮМЕ.** Обсуждены ответственность информационно-библиотечных учреждений, владеющих электронными фондами, и выполнение ими соответствующих нормативных документов.

**SUMMARY.** The responsibility of information and library institutions that own electronic collections and their compliance with relevant regulatory documents are discussed.

UDK.721-321 (2024)

## INSANNÍŃ RUWXÍY BAYLÍĜÍNA KÓRKEM ILAJLARDÍŃ TÁSIRSHEŃLIGI

**M.Esanov** - *oqıtıwshı*

*Ózbekstan mámleketlik kórkem óner hám mádeniyat institutı Nókis filialı*

**Tayanch so‘zlar:** madaniyat va san’at, avlodtan-avlodga**,** manaviyat, milliy kolorit, mahalla, madaniy tadbir.

**Ключевые слова:** культура и искусство, из поколения в поколение, духовность, национальный колорит, махалла, культурное событие.

**Key words:** culture and art, from generation to generation, spirituality, national color, mahalla, cultural event.

Mámleketimizde alıp barılıp atırǵan ekonomikalıq, siyasiy jumıslar menen bir qatarda, mádeniy aǵartıw, huqıqıy hám tárbiyalıq tarawlarda kóplegen reformalar ámelge asırılmaqta.

Húrmetli Prezidentimiz SH.Mirziyoev usı baǵdarda mádeniyat hám kórkem-ónerge baylanıslı bolǵan tarawlarda jurt tınıshlıǵı, watanımızdıń rawajlanıwı, kámil insan sıyaqlı túsiniklerdiń áhmiyetli jemisi bizlerge

ózligimizdi ańlaw, ata-babalarımızdan miyras bolǵan qádiriyatlarımızdı qayta tiklew, qádirlew, milliyligimizdiń dúrdanaların áwladtan-áwladqa jetkerip beriwde, mádeniyat hám kórkem óner taraw wákillerine juwapkershilikli wazıypalardı júkledi.

Xalqımızdıń mánawiyatın joqarılatıwda, olardı pák hám hadal jasawǵa shaqırıw, óz pikirine iye bolıw, jaslar arasında salamat immunitetti qáliplestiriw, kitap oqıw mádeniyatın asırıw, shańaraqlıq, máhálle, oqıw orınları menen birge islesiw, jaslar tárbiyasına dıqqattı qaratıw jumısların janlandırıw barısında, mádeniy ilajlardı hám áhmiyetli mazmunǵa iye bolǵan ilajlar hám bayramlardı shólkemlestiriw ushın bilim hám kónlikpe, sheberlik penen miynet etiw talap etiledi. [1.89] Kórkem ilajlardı shólkemlestiriwdiń maqseti jaslardı zamanagóy bilim hám ilimge baǵdarlaw, milletke, tariyxqa, insaniyatqa bolǵan húrmet sezimlerin oyatıw hám saqlaw, mádeniy aǵartıw iskerliginde kitap oqıw mádeniyatın asırıw boyınsha reformalardı ámelge asırıw zárúrligi tuwılmaqta. Kórkem ilajlar, jumıs barısın bárshesin ózinde jámlep alatuǵın dóretiwshilik hám shólkemlestiriwshilik iskerlik esaplanadı. Kórkem kópshilik ilajlardı keńirek mániste qollanıw maqsetke muwapıq bolıp, olardıń qatarına, kópshilik bayramlar, koncert dástúrleri, tematikalıq kesheler, túrli mazmundaǵı muzıkalı, kórkem, publicistlik, xoregrafiyalıq kompoziciya hám taǵı basqalar kiredi. Mádeniyat oraylarında, mádeniy dem alıw baǵlarında ótkeriletuǵın túrli janrlardaǵı ilajlar tolıq atı menen mádeniy ilaj túsinigin ańlatadı. Bir sóz benen aytqanda dóretiwshilik, metodikalıq tárepten anıq, puqta tayarlanǵan, durıs shólkemlestirilgen dástúrler mádeniy ilaj dep ataladı. Hárqanday mádeniy ilaj dóretiwshilik hám shólkemlestiriwshilik jumıs barısın óz ishine aladı. Dóretiwshilik jumıslarına, ilajlardıń scenariy rejesin dúziw, scenariydi jazıw, saxnalastırıw, kórkem jámáátler menen islesiw, ilaj ótkeriletuǵın orındı bezew sıyaqlı jumıslar kirse, shólkemlestiriw jumıslarına bolsa, sol dóretiwshilik jumısların ámelge asırıw ushın islenetuǵın bárlıq jumıs barısı kiredi. Mısalı, ilajlardıń ótkeriliw ornın tańlaw, saxnanı bezew jumısları, kórkem jámáátler menen islesiw ushın sharayatlar jaratıw, texnikalıq bezeklerdi tayarlaw sıyaqlı wazıypalardı óz ishine aladı. [2.61-62] Mádeniyat mákemelerinde shólkemlestiriletuǵın mádeniy ilajlardıń baǵdarı, túrli jastaǵı xalıqtıń ruwxıy, milliy qádiriyatlarımızdı, sonday-aq Watandı súyiwshilik sezimlerin sáwlelendiriwshi kitaplar arqalı jetip kelgen, ilimiy toplamlar boyınsha jaslardıń sana sezimlerin ósiriw hám xalıq arasında úgit-násiyatlaw wazıypası maqsetke muwapıq sanaladı. Mámleketimizdin Prezidenti Sh.Mirziyoev «Niyeti ullı xalıqtıń - isi de ullı, ómiri jarqın hám keleshegi abadan boladı» degen edi. Millettiń ózligin ańlaw, onıń ózine tán milliy qádiriyatları menen dástúrleri saqlaw hám rawajlandırıwǵa biybaha derek bolǵan bul milliy miyraslardı keleshek áwladqa jetkeriwdiń áhmiyeti oǵada úlken, ideyanıń, bárinen burın, xalıq penen tikkeley pikirlesiw hám puqaralardıń huqıqları, erkinlikleri menen nızamlı máploeriniń real qorǵalıwın támiyinlew arqalı turmısqa ámeliy engiziliwi boyınsha barlıq tarawda iskerlikler ámelge asırılıwı zárúrligi haqqında kórsetpeler berilgen. Mádeniy ilajlar da shólkemlestirilip atırǵan ilajdiń mazmunına qaray, onıń ishki mazmunı belgilenedi, túrli usıllar tiykarında, jaslarǵa bilim hám tárbiya, ruwxıy azıq beriwge baǵdarlanıp mádeniy ilaj sıpatında shólkemlestiriledi. [3.165] Mádeniy ilajlardı shólkemlestiriwdiń eki tiykarǵı jónelisi belgilengen. Birinshiden, insaniy wazıypalardı ullıǵlaw, jetiskenlikke erisken insanlardıń ómiri hám iskerligin táriyiplew, olardı úlgi etip kórsetiw arqalı ámelge asırıladı. Ekinshiden bolsa, jat illetlerdi qaralaw, ruwxıylıqta úgit-násiyat jumısların alıp barıw arqalı ámelge asırıladı. Bunday ilajlardıń mazmunında, ullı áwladlarımızdıń ómir jolı, qaldırǵan miyrasın hár tárepleme xalıqqa jetkerip beriw, ótmishtegi kórinisler menen sheklenip qalmastan, búgingi kúnde, átirapımızda miynet etip atırǵan, aldıńǵı tájiriybeli zamanlasımızdı órnek sıpatında kórsete alıw zárúrligi áhmiyetke iye bolıp tabıladı. Mádeniy ilajda, jámáátshiliktiń pikirin rawajlandırıwdıń eń zamanagóy, tásirsheń usıl hám qurallarınan paydalanǵan jaǵdayda jumıs alıp barıw talap etiledi. Mádeniy ilajlarda búgingi quramalı dástúriy, jumıs alıp barıwdıń ilimiy-ámeliy tárеplerin talıqlaw, buzǵınshı qaǵıydalardıń kimge hám nege qarsı qaratılǵanlıǵın ańlaw, ruwxıy jawızlıqlardıń aqıbetin ashıp beriw dıqqat orayında bolıw kerekligi esaspqa alınıp, mádeniy ilajlardıń mazmunı hám áhmiyeti haqqındaǵı túsinikler menen adamlardıń qálbine hám sanasına jaqsılıq nurların jetkerip beriw wazıypası úgit-násiyatlanadı. [4.82] Mámleket dástúrleri tiykarında túrli ilajlardı shólkemlestiriw, mádeniyat hám kórkem óner xızmetkerlerine úlken minnetleme júkleydi. Jıl dawamında bolıp ótetuǵın ilajlardı usı temalarǵa baǵdarlaw jıldıń mámleketlik dástúrinde belgilengen wazıypaların turmısqa engiziw, dástúrde belgilengen

maqseti hám áhmiyetin xalıqtıń sanasına sińdirip barıw, mádeniy ilajlardı shólkemlestiriwshilerdiń tiykarǵı orınlawı kerek bolǵan wazıypası esaplanadı. Mádeniy ilajlardı shólkemlestirıwdıń teoriyalıq hám ámeliy táreplerin ulıwmalastırıw, shólkemlestiriwshilik hám dóretiwshilik qábiletlerin rawajlandırıwǵa baǵdarlanǵan jumıs barısı arqalı, ilajlardı tereń mazmunlı hám maqsetli tárizde shólkemlestiriw iskerliginiń alıp barılıwı talap etiledi. Hárbir xalıqtıń tariyxiy rawajlanıw basqıshlarına sáykeslengen bayramları payda bolǵan, bul bayramlar xalıqtıń quwanıshı, shadlıǵın ózinde sáwlelendiriwshi ilajlardıń mánisin ańlatadı. Sol sebepli xalıq bayramlarınıń mazmunın tereń úyreniw, olardaǵı aytılǵan pikirler átirapında mádeniy ilaj túrlerin zamanagóylestiriw, shólkemlestiriw usılların tálim-tárbiya tarawında en jaydırıw áhmiyetli wazıypa bolıp tabıladı. Yaǵniy, shaxstıń ruwxıy jetiklikke erisiwinde, onıń sociallıq iskerligin ámelge asırıp barıwında hám jámiyettiń rawajlanıwına úles qosıwında belsendiligin asıradı. Sonday-aq bul tálim-tárbiya milliy qádiriyatlar negizinde mámleketimizdiń millionlaǵan jaslarına hár tárepleme mektep bolıp xızmet etedi. Mádeniyat hám kórkem óner mákemelerinde úgit-násiyatlaw jumısları kórkem-ónerdiń túrli janrları boyınsha, mádeniy ilaj sıpatında shólkemlestiriledi. Xalqımızdıń arzıw niyetleri menen jarqın keleshekke qádem taslap atırǵan xalqımızdıń sadıqlıǵı hám umtılıwshılıǵı, ulıwmainsaniylıq pazıyletleri, jurtımızda húkim súrip atırǵan tınıshlıq, milletler aralıq doslıq hám tatıwlıq, shańaraǵımız, perzentlerımizdiń baxtı jolındaǵı, tábiyat penen birgelikte jasaw sezimleri xalıq seyilleri, mádeniy kópshilik ilajlar kórinisinde sáwlelenedi. Mámleketimizde sistemalı túrde ótkerilip kiyatırǵan hár qıylı mádeniy ilajlar, festivallar, kópshilik bayramlar, xalıq seyiller, kórik tańlawlar xalıq dóretiwshiligin en jaydırıwda, milliy qádiriyatımızdıń, miyraslarımızdıń keleshek áwladlar sanasına sińdiriliwinde úlken jumıslardı belgilep beredi hám xalıq dóretiwshiliginiń dúrdanaların dúnya xalıqları sheńberinde kólemli ulıwmalastırıwday zárúrli jumıslar islenbekte. Insaniyat jaratılǵannan baslap, onıń turmıs tárizinde bayramlar ayrıqsha áhmiyetke iye bolıp, onıń ómirin bayramsız, dástúr, máresim, úrp-ádetlersiz kóz aldımızǵa keltirip bolmaydı. Mádeniy ilajlar jámiyettiń ruwxıy gózzallıǵın, xalıqtıń jasaw tárizin, turmıs sharayatın dúnyaǵa alıp shıǵıwshı tiykarǵı qural esaplanadı. Qanday da bir mámlekette belgilenip atırǵan bayramlar yamasa mádeniy ilajlardıń ótkeriliwi, ondaǵı sol dáwirdıń milliyligi, ózine tán úrp-ádetlerin úyrenemiz, demek, bayramlardıń mazmunın ashıp beriwshi mádeniy ilajlardıń tiykarında turmıstıń eń názik hám gózzal sezimleri sáwlelendiriledi. [6.214] Mádeniy ilaj jámiyettiń keshegi, búgingi, erteńgi kúnleri haqqında maǵlıwmat beriwshi janlı qural bolıp tabıladı. Mádeniy ilaj óziniń ózgeshelikleri tárepinen pedagogikalıq tiykarǵa iye boladı. Sebebi pedagogika tiykarında tárbiyalıq jumıslardı ámelge asıradı. Insanlarǵa tásir etiw, bala tárbiyası, órnek bolıw, ruwxıy azıq, bilimli-ilimli bolıw, ustazlarǵa, úlkenlerge húrmet, kishilerge izzet, mehir-aqıbet hám basqa bárshe usı siyaqlı túsiniklerdi pedagogika tarawında jánede tereń úyreniledi. Mádeniy ilajlarda bolsa, pedagogikalıq sheberlikti qollanıw úlken nátiyjelikke erisiwge jol ashıp beredi. Belgili rejissyorlardan Nemirovich – Danchenko rejisyordıń úsh pazıyleti, yaǵnıy «rejissyor – ayna, rejissyor pedagog, rejissyor – shólkemlestiriwshi» ekenligi haqqında jazıp ótken. Ásirese mine usı pazıyletlerdi mádeniy ilajlardı shólkemlestiriw barısında qollanıw ilajdıń nátiyjeliligin asırıwǵa xızmet etedi. Ilaj shólkemlestiriwshileriniń tálim menen tárbiyanıń birge alıp barılıwında onıń pedagogikalıq sheberligi de úlken rol oynaydı. [7.74] Rejissyordıń pedagogikalıq iskerligi haqqındaǵı aytqan pikirlerinen kelip shıǵıp sonı aytıw múmkin, rejissyor – túsindiriwshi, ol basqarıwshı hám de shólkemlestiriwshi esaplanadı. Mádeniyat hám kórkem óner xızmetkerleri de usınday usıllardı meńgeriwi tiyis. Ilajlarda qollanılıp atırǵan hárbir janr belgili bir ideyanı aldına maqset etip, insanlardıń sanasına tásir etiwi múmkin. Bunda ideologiyalıq talıqlanıw máselesi jumısına shıntlap kirisiwge itibar beriledi. Sebebi, saxnaǵa shıǵıp aytılǵan hárbir sóz tamashagóyge tuwrıdan-tuwrı tásir etedi hám nátiyjede juwmaqlar shıǵarıla baslaydı. Bunda tańlanǵan shıǵarmanıń tárbiyalıq áhmiyeti menen tamashagóydi oylandırıw kerek.

Tamashagóydiń itibarına usınılatuǵın waqıyadan durıs sheshimler qabıl etiwdi támiyinlew – bul tiykarǵı hám zárúrli wazıypalardan esaplanadı. Hár qanday mádeniy ilajda tárbiyalıq iskerlik, tárbiyalıq jumıslar sezilip turıwı kerek. Sebebi, ótkerilgen mádeniy ilajdıń tárbiyalıq dárejesi, ilajdıń sapalı shólkemlestiriwi hám xalıqtıń kewlinen shıqqan tásirli, mazmunlı jánede xalıqtıń mádeniy dem alıwına imkaniyat jaratıwı sózsiz degen pikir kelip shıǵadı. Sózsiz bunday mádeniy ilajlardıń ótkeriliwi hárqanday jámáättiń miynetleriniń nátiyjeleri iskerligi sanaladı.

Ózbekstan milliy enciklopediyasında tárbiya haqqında shıǵadı jazılǵan, «Tárbiya – shaxsta tiykarǵı fizikalıq, ruwxıy, ádep ikramlıq, ruwxıy qábiletlerdi rawajlandırıwǵa baǵdarlanǵan ámeliy pedagogikalıq process, insannıń jámiyette jasawı ushın zárúrli ózgesheliklerge iye bolıwın támiyinlew jolında kórsetilgen ilajlar jıynaǵı. Tárbiya – insannıń insanlıq pazıyletlerin támiyinleytuǵın eń áyyemgi hám máńgi qádiriyat. Tárbiyanıń tásirisiz óz aldına adam da, insaniylıq jámiyeti de payda bolmaydı. Sebebi, adam hám jámiyet bar ekenligin támiyinleytuǵın qádiriyatlar tárbiya tiykarında ǵana áwladtan-áwladqa ótedi. Tárbiya hár qanday jámiyet hám mámleket turmısında sheshiwshi áhmiyetke iye boladı. Jas áwladtıń ulıwma, jámiyet aǵzalarınıń tárbiyası menen jeterli dárejede shuǵıllanbaǵan mámleket rawajlanbaydı. Mámlekettiń rawajlanıwı ushın hárqanday jámiyette de materiallıq hám ruwxıy baylıqlardı islep shıǵarıw toqtawsız túrde joqarılap barıwı lazım. Bunıń ushın jas áwlad materiallıq hám mánawiy baylıqlardıń jetilisiwın ullı áwladlar dárejesinde, olardan da jaqsıraq islep shıǵara biliwleri kerek». [8.92] Demek-tárbiya tek ǵana shaxsqa baǵdarlanıp, ruwxıy, ádep ikramlılıq, estetikalıq jetiklik dárejesin ǵana emes, bálkim onı keń mániste sociallıq jámiyettiń áhmiyetli talabı hám tiykarǵı maqseti sıpatında qollanılıwdı talap etiledi. Tárbiya máselesi – shaxstı qáliplesiwge maqsetli baǵdarlanǵan bolıp, tárbiyalawshı hám tárbiyalanıwshılardıń birligi ushın shólkemlestirilgen, basqarılatuǵın hám qadaǵalanatuǵın, óziniń tiykarǵı maqseti sıpatında shaxstı rawajlandırıwshı jumıs esaplanıp, tárbiya jumısınıń eń tiykarǵı nátiyjesi – hár tárepleme birgelikte kámal tapqan joqarı ruwxıyıqtı hám de shaxstı qáliplestiriwden ibarat. Kórkem ilajlarda - tárbiyalıq jumıslardıń negizgi bólegi bolǵan tiykarǵı maqset, bul bárkamal áwladtıń tárbiyasın birinshi orınǵa qoyadı. «Tárbiya» ataması keń hám tar mánislerde qollanıladı. Keń mániste tárbiya insan shaxsın rawajlandırıwǵa, onıń jámiyettiń islep shıǵarıw hám sociallıq, mádeniy turmısında belsene qatnasıwına baǵdarlanǵan barlıq tásirler, ilajlar, háreketler, umtılıwlar jıyındısın ańlatadı. Bunday túsinikte tárbiya tek ǵana shańaraq, mektep, balalar hám jaslar shólkemlerinde alıp barılatuǵın tárbiyalıq jumıslardı, bálkim pútkil sociallıq dizim, onıń jetekshi ideyaları, ádebiyat, kórkem- óner, kino, radio, televidenie, baspa h.t.b óz ishine aladı. Sonday-aq, keń mánistegi tárbiya túsinigine tálim hám maǵlıwmat alıw kiredi. Tar mániste tárbiya shaxstıń sociallıq rawajı, dúnyaǵa kóz qarası, ruwxıy, ádep-ikramlılıq kórinisi, estetikalıq tańlawın ósiriwge baǵdarlanǵan pedagogikalıq jumıslardı ańlatadı. Bunı shańaraq hám tárbiyalıq mákemeler hámde jámáát shólkemleri ámelge asıradı. Tárbiyalıq process, tárbiyalıq jumıslardan, tárbiyanıń barlıq waqıttaǵı háreketinde bolatuǵın izbe izliktegi iskerlikten ibarat. Sonıń ushın da mádeniy ilajlardı shólkemlestiriwde tiykarǵı wazıypa, joqarıda aytıp ótken tárbiyalıq jumıslar menen baylanıslı degen túsinikke iye bolamız. Ilajlar – túrli materiallıq hám ruwxıy mútájliklerge juwap beriwshi maqsetli jumıslardan biri bolıp, kompleksli túrde, mazmunında óz ara baylanıslardan ibarat bolǵan, ózinde bir pútin tálimdi kózde tutqan tárbiyalıq tásir etiwshi mádeniy ilaj túsinigin payda etedi. Mádeniy ilajlardı shólkemlestiriwde, tárbiyalıq jumıslar hám insandı kámillikke jetelewshi jumıslardıń mazmunı, shólkemlestiriw usılları, tárbiyalıq jumıslardı rejelestiriwde tiykarǵı qaǵıydalar, tárbiyalıq iskerlikti basqarıw, tásir etiw usılları, tereń biliw hám ámelde qollanıw procesleri áhmiyetli esaplanadı. Mádeniy ilajlardıń mazmunın bayıtıwda birinshiden onda qollanılatuǵın kórkem sóz usılı tásirsheńlikti asıradı. Nátiyjede bul «Kórkem- kópshilik ilajlar» dep ataladı. Olar mádeniy aǵartıw mákemeleriniń kórkemlik jumısların elede mazmunlı tárizde bayıtıwǵa járdem beredi. Álbette mádeniyat hám kórkem óner mákemeleri xalıq ushın xızmet etse, onda adamlar jumıstan bos waqtında shólkemlestirilgen ilajlar arqalı, kerekli xabarlar alıw, kórkem estetikalıq zawıq alıw, olardı mádeniy dóretiwshilik jumıslarǵa tartıw, xalıqtıń mazmunlı dem alıwı ushın xızmet etedi.

## Ádebiyatlar

1. Sh.Mirziyoev. «Еркин Қарақалпақстан» gazetasi 2018-jil. 29-dekabr № 156. B 3.
2. Inson manfaatlari hamma narsadan ustun. Tavsiyalar. Toshkent 2017-y.
3. B. Sayfullaev. Tomosha san’ati tarixi va nazariyasi. Toshkent 2014.
4. U. Qoraboev. O‘zbekiston bayramlari. Toshkent. O‘qituvchi. 1991.
5. O‘zbek xalqining milliy folklor san’ati va etnomadaniy qadriyatlari (ilimiy to‘plam) Toshkent. Navro‘z nashriyoti. 2013.

6. A. Haydarov. Madaniyat va san’at sohasini boshqarish asoslar. G‘afur G‘ulom nomidagi nashriyot-matbaa ijodiy uyi. Toshkent. 2016.
7. Madaniyat va san’at muassasalarıni tashkil etish hamda boshqarishga doir me’yoriy hujjatlar to‘plami. G‘afur G‘ulom nomindagi nashriyot-matbaa ijodiy uyi. Toshkent. 2016.
8. A.Júzimbetov. Á.Ábdikamalov. Klub dramaturgiyası hám milliy dástúrler. Nókis. Bilim. 1996.

**REZYUME.** Madaniy tadbirlar ham tashkil etilayotgan tadbirning mundarijasiga qaray, uning ichki mundarijasi belgilanadi, turli usullar asosida, yoshlarga bilim va tarbiya, ma’naviy ozuq berishga yo‘nalishlanib madaniy tadbir sifatida tashkil etiladi.

**РЕЗЮМЕ.** Культурные мероприятия организуются также как культурное мероприятие, основанное на различных методах, направленное на обеспечение образования и духовного питания молодежи, в зависимости от содержания организуемого мероприятия.

**SUMMARY.** Cultural events are also organized as a cultural event based on different methods, aimed at providing education and spiritual nourishment to young people, depending on the content of the event being organized.

## КИТАПХАНА-МӘЛИМЛЕМЕ ТАРАЎЫН БАСҚАРЫЎ УСЫЛЛАРЫН ЖЕТИЛИСТИРИЎ

**М.Б.Худайбергенова –** *оқытыўшы*
*Өзбекстан мәмлекет көркем өнер ҳәм мәдeният институты Нөкис филиалы*

**Таянч сўзлар:** кутубхона-ахборот, бошқариш усуллари, тажриба, хизмат, муассаса.
**Ключевые слова:** библиотека-информация, методы управления, опыт, служба, учреждение.
**Key words:** library-information, management methods, experience, service, institution.

Китапхана-мәлимлеме тараўындағы жаңа реформалар мәмлекет раўажланыўының мәдений-ағартыўшылық ҳәм жасларға тийисли мәмлекет сиясатының трансформация процесслерин әмелге асырыўда үлкен орын тутады. Халқымыздың руўхый кәмиллигин асырыў, китапхана-мәлимлеме тараўында сапалы хызмет көрсетиўдиң мүмкиншиликлерин еле де жетилистириў бағдарында заманагөй стратегиялық жобалар жаратыў ҳәм мәмлекет бағдарламаларын ислеп шығыў бойынша журтымызда кең көлемли унамлы жумыслар әмелге асырылып атыр. Әсиресе, тараў ўәкиллериниң маманлығын системалы асырып барыў, абырайлы шет ел китапханалардың жумыс тәжирийбесин үйрениў, тараўдың басқарыў искерлигин түптен жетилистириў, хызметкерлерди социаллық қорғаў ҳәм хошаметлеп барыў мәмлекетимиздиң үстинликке ийе бағдарындағы ўазыйпаға айланып үлгерди.

Китапхана-мәлимлеме искерлиги – китапхана-мәлимлеме мәкемелериниң информацион-коммуникация технологиялары тийкарында китапхана-мәлимлеме фондларын қәлиплестириў ҳәм китапхана-мәлимлеме хызметин көрсетиўди шөлкемлестириў бойынша искерлик. [lex.uz:1] Китапхана-мәлимлеме системасын басқарыўға заманагөй жантасыў, раўажланған шет еллердиң алдынғы тәжирийбелерин жергиликли әмелиятта қоллаў, китапханалардың жаңаша инновациялық хызмет көрсетиўин тәмийинлеў басқарыў усылларының жетик қолланылыўына қарай қәлиплеседи. Сол себепли де тараўдағы басқарыў системасын жоқары дәрежеде шөлкемлестириў жумысларын алып барыў, халықаралық бирге ислесиўлерди жолға қойыў әҳмийетли ўазыйпа болып, басқарыўдың жаңа усылларын қоллаўды талап етпекте. Халықымызға хызмет көрсетиўши барлық мәкемелердиң басқарыў жумыслары үлкен жуўапкершилик талап ететуғын процесслерден бири. Китапхана-мәлимлеме тараўында да басқарыўдың өзине тән усыллары болып, олардың тийкарғы мақсети ҳалқымызға сапалы ҳәм оператив хызмет көрсетиўден ибарат. Тараўға тийисли китапларда китапхана-мәлимлеме искерлигин басқарыў усыллары бойынша төмендегише түсиник бериледи. Басқарыў усыллары – бул белгиленген мақсет ҳәм ўазыйпаларға ерисиў ушын система ямаса оның киши бөлимлерине, мақсетке бағдарланып тәсир көрсетиў қураллары ҳәм усылларының жыйындысы. Усыл басқарыў процесиниң зәрүрли бөлеги есапланады. Басқарыўда прогрессив усылларды қоллаў